


BILTEN ENFÒMASYON SOU LISANS AK EGZAMEN PESTISID CY 2023

Chè Kandida Egzamen Pestisid ak Lisans:

Bilten Enfòmasyon sou Egzamen Pestisid ak Lisans lan se gid ou pou egzamen pestisid nan objektif pou w jwenn yon lisans oswa sètifikasyon kòm aplikatè pestisid nan Massachusetts.

Depatman Resous Agrikòl Massachusetts la, Pwogram Pestisid (Depatman) sèvi ak yon sistèm "e-Licensing" kounye a ki disponib sou Pòtay EEA ePlace ak yon sistèm egzamen anliy ki ofri atravè Fòmasyon Anliy Everblue a (Everblue Online Training). Tout anrejistrem an egzamen, sesyon egzamen anliy, rezulta, aplikasyon pou lisans ak renouvèlman pwal itilize sistèm sa yo sou entènèt kounye a. Nou p ap pwogramme egzamen "an pèsòn" ankò.




Depatman Resous Agrikòl Massachusetts (MDAR) fè egzamen anliy ak liv fèmen ki sèvi ak kamera ou pou kontwole sesyon egzamen ou yo. kòm tès pèfòmans apwopriye pou mezire konpetans pou itilize ak aplike e vann pestisid nan Massachusetts.

Tanpri pran tan ki nesesè pou li bilten sa a epi fè konesans ak dat limit ki preskri yo e pwosesis sou entènèt pou w ka jwenn swa yon lisans pou aplike pestisid oswa yon sètifikasyon nan Commonwealth Massachusetts la.

Tanpri sonje ke tout enskripsyon egzamen yo gen kounye a yon peman nan Pòtay ePlace la ak peman pou Fòmasyon Anliy Everblue a! Tanpri revize enfòmasyon ki nan bilten sa a epi vizite paj wèb Pòtay EEA ePlace la pou kòmanse aplikasyon anliy ou an.

Sensèman,

Steven Antunes-Kenyon
Kowòdonatè Operasyon Pestisid



Vizite sit entènèt Pwogram Pestisid MDAR la nan:
www.mass.gov/pesticide-examination-and-licensing

Bilten Enfòmasyon CY 2023	Nimewo Paj
► Nan – Yon - Koudèy	2
► Enfòmasyon Jeneral	3
► Detèmine kalifikasyon pestisid (lisans oswa sètifikasyon) ki nesesè	3
► Kòmande materyèl etid ki nesesè yo	3
► Enskri pou egzamen an epi fè tou de peman anliy yo	3
► Fè egzamen pestisid la	4
► Resevwa notifikasiyon rezulta	5
► Jwenn lisans oswa sètifikasyon	5
► Kenbe lisans oswa sètifikasyon an	5
► Kontinye ak edikasyon pestisid ki obligatwa	6
► Soumèt Prèv Asirans	6
► Fòm Acha Manyèl Oto-Etid oswa Acha anliy atravè www.umassextensionbookstore.com	7-8
► Atelye Preparasyon Egzamen Lisans Aplikatè (Debaz)	9
► Yon Entwodiksyon sou Nouvo Sistèm Egzamen Pestisid Anliy MDAR la	10 - 11
► Imèl pou Enskripsyon Egzamen sou Pòtay ePLACE EEA	12
► Imèl pou Lyen Aksè ak Peman Egzamen Anliy Everblue a	13
► Modèl Fòm Rezime pou Egzamen Sètifikasyon Komèsyal	14
► Kesyon yo Poze Souvan	15

NAN – YON – KOUDÉY

	#1 Lisans aplikatè (Debaz)	#2 Sètifikasyon Prive	#3 Sètifikasyon Komèsyal	#4 Lisans Konesyonè	#5 Pèmi Kapte Dlo
Ki moun ki bezwen youn?	<p>Si ou gen entansyon fè travay pestisid ak utilizasyon pestisid jeneral pou anboche epi ou pa t janm gen yon lisans pestisid anvan, ou dwe jwenn Lisans Aplikatè a.</p> <p>Dokiman sa a an jeneral nesesè pou moun k ap travay nan Endistri Ekstèminasyon, Swen Gazon, Peyizaj ak Swen Pyebwa Dekorasyon—pa agrikilti.</p> <p>Sa gen ladann tou moun ki p ap travay pou vin anboche tankou gadyen biling biwo, pwopriyetè biling apatman, gadyen, pèsonèl antreyen kondominyòm, sipèéntandan teren gölf.</p>	<p>Si w gen entansyon fè pwodui agrikòl ak pestisid ki gen restriksyon sou pwopriyete ke oumenem oswa patwon w posede oswa lwe, alòs ou dwe jwenn yon Sètifikasyon Prive.</p> <p>Dokiman sa a an jeneral nesesè pou moun k ap travay kòm kiltivatè ak nan elvaj pwodui.</p>	<p>Ou dwe pran epi pase egzamen kategori Sètifikasyon Komèsyal ki apwopriye a epi ou dwe gen dezan eksperyans ki apwopriye (gade Fòm Rezime ki nan paj 13).</p> <p>Si w gen entansyon fè travay pestisid ak pestisid ki gen restriksyon pou anboche ou non ou dwe jwenn yon Sètifikasyon Komèsyal.</p> <p>Menn jan ak Lisans Aplikatè a (debaz), dokiman sa a an jeneral nesesè pou moun k ap travay nan endistri ekstèminasyon, swen gazon, jaden flè ak swen pyebwa.</p>	<p>Si w gen entansyon fè travay pestisid nan vann pestisid ki gen restriksyon, ou dwe jwenn yon Lisans Konesyonè.</p> <p>Dokiman sa a nesesè pou moun ke distribitè ak dilè pestisid yo anplwaye.</p>	<p>Si w se yon Anplwaye Minisipal, Eta, oswa Gouvènman Federal epi ou gen entansyon aplike fòmilasyon sek kont lav marengwen kote ki kapte dlo oswa evakye dlo siklòn ou dwe jwenn yon Pèmi Kapte Dlo.</p> <p style="text-align: center;">Pou Anplwaye Gouvènman Sèlman</p>
Enskripsyon egzamen an ak frè egzamen anliy	75 dola + 25 dola	125 dola + 25 dola	125 dola + 25 dola	125 dola + 25 dola	0 dola + 25 dola
Tan ki otorize pou egzamen anliy	125 kesyon (2 èdtan)	125 kesyon (2 èdtan edmi)	125 kesyon (2 èdtan edmi)	125 kesyon (2 èdtan)	50 kesyon (1 èdtan)
Nòt pou pase	70% (87 oswa > sou 125)	75% (94 oswa > sou 125)	75% (94 oswa > sou 125)	75% (94 oswa > sou 125)	70% (35 oswa > sou 50)
Atelye egzamen	Gen yon Atelye Fòmasyon Lisans Aplikatè ki disponib atravè Pwogram Edikasyon Pestisid UMass Extension. Gade paj 14	Pa Aplikab	Pa Aplikab	Pa Aplikab	Pa Aplikab
Materyèl Etid (See order form pages 9 - 10)	Manyèl Debaz ak Sipelman, Massachusetts Pesticide Control Act and Pesticide Regulations	Tout Materyèl Etid Debaz ki nan Lis la ak Manyèl Sètifikasyon Prive Korespondan an	Tout Materyèl Debaz ki nan Lis la ak Manyèl Sètifikasyon Prive Korespondan an	Tout Materyèl Etid Debaz ki nan Lis la ak Pake Etid Konesyonè a	Manyèl Preparasyon Egzamen Aplikatè Catch Basin (telechajman gratis)
Asirans	Obligatwa	Pa Obligatwa	Obligatwa	Pa Obligatwa	Pa Obligatwa
Frè Lisans	100 dola	100 dola	150 dola	300 dola	
Dat Ekspirasyon	31 Desanm	31 Desanm	31 Desanm	28 oubyen 29 Fevriye	31 Desanm
Edikasyon Kontinyèl	6 Lè Kontak	12 Lè Kontak	12 Lè kontak pou chak kategori	3 Lè kontak	Pa Aplikab
Frè renouvelman Anyèl	100 dola	100 dola	150 dola	300 dola	Pa Aplikab

Visit sitwèb Pwogram Pestisid MDAR la nan www.mass.gov/pesticide-examination-and-licensing

ENFÒMASYON JENERAL

DETÉMINE BEZWEN SÈTIKASYON PESTISID OU

oswa sètifikasyon ou bezwen. Jan sa endike nan paj 2 a, nan Massachusetts gen kat diferan kalite lisans pestisid ak yon pèmi. Sa yo koresponn ak senk kalite enskripsyon egzamen diferan:

- #1) Lisans Aplikatè (debaz)
- #2) Lisans Sètifikasyon Prive (Agrikilti)
- #3) Lisans Sètifikasyon Komèsyal
- #4) Lisans Konsesyonè
- #5) Pèmi Kapte Dlo

- **Chwazi #1 Lisans Aplikatè (debaz) si ou pa t janm gen yon lisans pestisid nan Massachusetts**, oswa si ou te fè sa epi li te pase 5 ane oswa plis de sa, epi ou planifye pou itilize pestisid sou pwopriyete yon lòt **pou anboche** oswa kòm yon pati nan travay aktyèl ou sou pwopriyete anplwayè w la oswa ke li lwe. Lisans sa a pa fèt pou fèmye oswa travayè k ap fè pwodui agrikòl.
- **Chwazi #2 Sètifikasyon Prive** si w se yon elvè oswa yon kiltivatè oswa si w ap travay nan agrikilti epi w planifye pou w itilize pestisid ki gen restriksyon (RUP) sou tè ke oumenm oswa patwon w posede oswa lwe pou w ka elve pwodui agrikòl. Pwodui agrikòl sa yo ka gen ladann, men yo pa limite a, pwodwi tankou seriz, pòmdetè, tomat, plant dekorasyon, gazon, stock pepinyè, mitiy, pòm, mayi ak lòt rekòt jaden, elatriye.
- **Chwazi #3 Sètifikasyon Komèsyal** si w te gen yon Lisans Aplikatè (Debaz) nan Massachusetts oswa yon sètifikasyon pou de (2) lane oswa plis pandan senk (5) dènye lane yo, e ou planifye pou w itilize pestisid ki gen restriksyon (RUP's) sou pwopriyete yon lòt **pou anboche**.
- **Chwazi #4 Lisans Konsesyonè** si w gen plan pou **VANN** pestisid ki gen restriksyon (RUP's).
- **Chwazi #5 Pèmi Kapte Dlo** si ou se yon anplwaye gouvènman epi ou vle trete kote ki kapte dlo yo oswa ki drene siklòn yo ki gen lav moustik.

ACHTE MATERYÈL ETID OU

Yon fwa ou te detèmine ki kalite sètifikasyon pestisid oswa lisans ou bezwen, ou ta dwe kòmande materyèl etid ou yo. Etandone èdtan yo limite nan biznis, jeneralman li rekòmande pou ou kòmande materyèl etid pou pwòp tèt ou anliy oswa pa lapòs Etazini (ALE NAN PAJ 9 AK 10). Tanpri konprann ke sa pwal pran kèk semèn pou ou resevwa manyèl yo.

<https://www.mass.gov/guides/applying-for-a-pesticide-exam-license-and-renewal-through-the-eplace-portal>

Si w ale nan **Fòm Acha Manyèl** la (ALE NAN PAJ 9), w ap remake kare pou etid pèsonèl yo nimewote pou yo koresponn ak sètifikasyon e kalite lisans yo diskite nan paj sa a. Chwazi **NIMEWO BWAT OTO-ETID** ki koresponn ak nimewo ki asosye ak sètifikasyon oswa kalite lisans ou bezwen an. Kòmande tout materyèl etid yo espesifye nan bwat la.



Depatman Resous Agrikòl Massachusetts, Pwogram Pestisid (Depatman) kontan anonse entwidiksyon egzamen ak lisans anliy" atravè yon patenarya ak Pòtay EEA ePlace epi Everblue Online Training. Tout anrejistremant egzamen yo, sesyon egzamen yo, rezulta yo ak aplikasyon pou lisans yo pwal sèvi ak nouvo sistèm sou entènèt sa. Pa gen egzamen an pèsòn ankò oswa orè egzamen pou enkyete ou.

Depi w pare pou w enskri pou egzamen w lan, w ap bezwen kreye yon kont sou sit entènèt Pòtay EEA ePlace la. Sistèm anliy sa a pwal kay pou dosye egzamen ak lisans ou epi li pwal pèmèt ou enskri pou egzamen pestisid epi aplike pou lisans oswa kategori ki gen rapò a.

MDAR te prepare yon gid detaye etap pa etap yo jwenn sou Mass.gov, men sa ki anba a se dekonpozisyon rapid pwosesis la:

- Enskri/Peye pou egzamen an nan EEA ePLACE
- Ranpli peman bay Everblue pou Egzamen sou Entènèt
- Pran egzamen an lè w sèvi avèk Everblue Online System
- Resevwa Rezulta Egzamen yo nan EEA ePLACE
- Soumèt Aplikasyon pou Lisans ak Prèv Asirans (jan sa ka nesesè)
- Resevwa Lisans Pestisid ou pa imèl
- Renouvre lisans ou atravè Pòtay EEA ePlace

Pou kreye kont ou an, w ap bezwen yon adrès imèl ki valab kote Pòtay EEA ePlace ak Everblue pwal voye tout notifikasiyon, ak lyen peman e egzamen sou entènèt.

Vwayaj Egzamen Pestisid ak Lisans Massachusetts ou kòmanse sou sit entènèt sa a:

Tanpri pran tan ki nesesè pou revize Gid Etap pa Etap la pou Aplike pou yon Egzamen Pestisid oswa yon Pèmi Kapte Dlo. Tan sa a ap fè pwosesis egzamen anliy ou an pi fasil e mwens fristran.

Lè w fè e enskripsiyon egzamen ou an ak peman egzamen anliy Everblue a sou entènèt ak kat kredi oswa yon kont chèk, sa pwal konplete tranzaksyon an pi vit epi bay konfirmasyon imedya ak resi nan imèl.

Frè Egzamen sou Pòtay EEA ePlace

#1 Egzamen Lisans Aplikatè (Debaz)	75 dola
#2 Egzamen Sètifikasyon Prive	125 dola
#3 Egzamen Sètifikasyon Komèsyal	125 dola
#4 Egzamen Lisans Konsesyonè	125 dola
#5 Egzamen Pèmi Kapte Dlo	Gratis

Yon frè konvenyans nominal aplike nan tout tranzaksyon peman sou entènèt nan Pòtay EEA ePlace la

Frè Egzamen Anliy Everblue

Tout Seson Egzamen sou Entènèt gen menm chaj la	25 dola
---	---------

Tanpri sonje: Nouvo Pòtay EEA ePlace la an kolaborasyon ak Everblue Online Training, bay egzamen pestisid yo atravè òdinatè w la oswa desktop ou a.

Ou pa bezwen enkyete w ankò sou pwograme dat egzamen oswa vwayaje nan kote egzamen yo fèt pou w pase egzamen ou yo. Tout egzamen yo ka ranpli lè w sèvi avèk òdinatè ki gen kamera ak mikwofòn aktive.

Piske pa gen egzamen an pèsòn, pa gen okenn Lis Egzamen oswa Rezulta ki afiche sou Entènèt. Apre w fin peye 25 dola pou Everblue Online Training, w ap gen 120 jou pou w konplete egzamen sou entènèt ou an.

Dat egzamen w lan se dat oumenm oswa patwon w chwazi pou w pran egzamen an.

Egzijans Odinatè

Ou dwe sèvi ak yon laptop oswa yon desktop ki gen kamera ak mikwofòn. Laptop la oswa kamera a ap bezwen mobil pou montre anviwònman ou an atravè "eskanè chanm nan." Òdinatè a ka yon PC oswa Macintosh, men li PAKA yon Chromebook oswa yon telefòn entelijan oubyen yon tablèt.

Ou dwe itilize yon sèl koneksyon entènèt stab. Ou pa ka chanje rezo yon fwa egzamen an kòmanse.

Sistèm Everblue a sèvi ak Kamera e mikwofòn ou pou anrejistre sesyon egzamen ou an

Pa eseye chanje rezo òdinatè yo yon fwa egzamen an kòmanse, paske sesyon egzamen an ap fini sibitman.

Asire w ke kamera ak mikwofòn ou an pa bare oswa bloke pandan dire egzamen an.

Si nan nenpòt moman ou pa vizib atravè kamera nan, ou ka deside ke w ap kopye e diskalifye ou. Pa gade anba oswa lwen ekran ou a - konsantre sou egzamen an.

Yon fwa sesyon egzamen an kòmanse, aplikan yo ta dwe itilize sèlman souri òdinatè a pou navige egzamen an. PA sèvi ak klavye a.

Remake byen ke tout sesyon egzamen yo anrejistre e odyo ak video pou siy triche epi yo revize yo ak anpil atansyon. Pa gen okenn ranbousman si w pa arive swiv règ ki anwo yo.

Règ MDAR pou Egzamen Pestisid - Ranfòsman Strik Aplike pou tout moun k ap fè egzamen!

Tout Egzamen Pestisid yo se ak liv fèmen epi itilizasyon nenpòt nòt, manyèl, èd etid oswa lòt asistans entèdi.

Jwenn yon chanm awopriye ki byen klere epi ki frankil kote yo PA P deranje w. Asire w ke ou gen yon koneksyon entènèt ki solid epi ki gen ase fòs pou òdinatè a oswa laptop la.

Aksè a nòt, manyèl, elatriye oswa telefòn selliè oubyen lòt aparèy pandan egzamen ou an fòmèlman entèdi. Asire w ou itilize twalèt la anvan sesyon egzamen sou entènèt la. Yon fwa sesyon egzamen ou an kòmanse ou pa ka kite sal egzamen an, oswa kanpe sesyon egzamen an, oswa bloke kamera ou.

Kòm yon pati nan egzijans Eta ak Federal yo, yo pwal mande w pou w pwodui kat idantifikasiyonki gen foto pozitif gouvenman an bay pa egzanp. lisans chofè, paspò, oswa idantifikasiyon militè. Si ou pa kapab bay yon foto idantifikasiyon pozitif gouvenman an, yo p ap pèmèt ou antre nan egzamen an.

Nan pwosesis sa a, yo pwal pran foto ou epi yo pwal konpare ak idantifikasiyon ou.

Sonje tout egzamen yo se "liv fèmen". Pandan ke sistèm egzamen sou entènèt la gen yon kalkilatris ak kaye nòt entegre, itilizasyon nenpòt nòt, manyèl, elatriye oswa telefòn selilè oubyen lòt aparèy entèdi pandan egzamen an.

Eksepte Egzamen Pèmi Kapte Dlo, tout lòt egzamen yo gen 125 kesyon plizyè chwa. Tout egzamen yo gen tan limite. Ou pwal gen de zè de tan pou egzamen aplikatè komèsyal (debaz) ak lisans konsesyonè, de zèdtan ak 30 minit pou pran egzamen sètifikasyon komèsyal ak prive epi inèdtan pou Egzamen pèmi Kapte Dlo.

RESEVWA NOTIFIKASYON SOU REZILTA EGZAMEN OU

Ou p ap resevwa rezulta egzamen ou imedyatman. Sistèm Egzamen sou Entèn Everblue la ap voye yon notifikasyon imèl ba ou ki konfime ou fin fè egzamen ou a, men anvan ou rapòte rezulta ou yo, li pa sèlman korije egzamen ou a, men li revize tou de anrejistremant videoyo ak odyo sesyon egzamen an. Sistèm nan pwal byen egzamine konpòtman ou jan kamera ou ak mikwofòn ou anrejistre pandan l ap chèche siy ke ou ka twonpe.

Lè yo jwenn ke sesyon egzamen w lan te san okenn enkyetid oswa pwoblèm, yo voye rezulta yo dirèkteman nan Pòtay EEA ePlace la epi yo antre nan sistèm done a. Yo pwal voye yon notifikasyon sou rezulta egzamen ou yo otomatikman nan adrès imèl ou a ki te kenbe kòm yon pati nan kont anliy ou an. Notifikasyon sa a pwal endike swa REYISI oswa ECHWE ak nòt anvan tout koreksyon pou egzamen an! Tanpri kontakte Depatman an si ou pa resevwa rezulta tès ou a nan yon semèn apre dat egzamen an.

REPETE YON EGZAMEN

Kandida ki pa reyisi pase egzamen an ka re-pran egzamen an jan règleman yo pèmèt la. Pou w repran egzamen an, ou dwe enskri, pwograme epi peye pou yon nouvo egzamen sou Entènèt atravè kont Pòtay ePlace ou a ak Everblue Online Training System nan.

Règleman Leta sou Pestisid egzije pou kandida ki echwe egzamen an de fwa dwe tann (3) twa mwa anvan yo re-aplike pou pran yon egzamen. Apre w fin pase yon egzamen twa fwa, ou dwe tann (1) yon lane anvan w re-aplike.

JWENN LISANS OSWA SÈTIFIKASYON OU

Anplis de anrejistremant epi peye pou egzamen ou a atravè Pòtay ePlace lan, w ap itilize sistèm sou entènèt sa a tou pou w aplike pou lisans oswa pèmi!



Aplikasyon sou Entènèt ou **a pou yon lisans pestisid oswa yon pèmi kapte dlo** valab pou yon lane apati dat egzamen an.

Tanpri note, reyisi egzamen an pa vle di ke w gen lisans oswa pèmisyon pou w sèvi ak pestisid!

Pou resevwa lisans oswa pèmi ou an; konekte sou Kont Pòtay ePlace ou a epi "Aplike pou yon Otorizasyon MDAR" lè w sèvi ak nimewo idantifikasiyon referans egzamen yo te ba w atravè enskripsyon, orè ak notifikasyon rezulta egzamen an. Nimewo sa a endike tou sou Entènèt epi ou jwenn li anba "My Records" nan Kont Pòtay ePlace ou a.

Dashboard

My Records

My Account

W ap bezwen bay enfòmasyon yo mande yo atravè fòm sou entènèt la epi w ka oblige telechaje yon kopi elektwonik (pdf) sètifikasi asirans ou jan ajan asirans ou an oswa patwon w lan ba w li a.

Asirans obligatwa pou tou de kalifikasyon Lisans Aplikatè (debaz) ak Lisans Sètifikasyon Komèsyal. Asirans pa obligatwa pou Sètifikasyon Prive, Lisans Konsesyonè oswa Pèmi Kapte Dlo.

KONSEVE LISANS OSWA SÈTIFIKASYON OU AN

DAT RENOUVELMAN AK EKSPIRASYON

- Apre w fin soumèt aplikasyon an pou w jwenn lisans oswa pèmi w, tanpri bay 2-3 jou pou trete sa. Apre revizyon ak apwobasyon, sistèm anliy la pwal voye lisans oswa pèmi pestisid ou a atravè attachman nan yon notifikasyon imèl.
- Lwa Eta a egzije w pou w pote lisans ofisyèl oswa dokiman pèmi kalifikasyon sou ou **tout tan pandan w ap itilize pestisid**
- Lisans Aplikatè Pestisid yo, Komèsyal ak Prive, ansanm ak Pèmi Kapte Dlo yo valab pou yon peryòd ki kòmanse ak dat aktyèl yo bay li a epi ki fini 31 Desanm nan ane yo te bay li a sof si yo te modifie, revoke oswa sispann anvan dat sa a. Epi lisans konsesyonè yo ekspire chak 28 oswa 29 fevriye.

EGZIJANS EDIKASYON KONTINYÈL

- Anplis renouvelman anyèl lisans oswa sètifikasyon w lan, gen egzijans fòmasyon tou. Kòm yon moun ki posede yon lisans oswa sètifikasyon, ou dwe ale nan fòmasyon epi ou dwe **re-fòme oswa re-sètifye** nan fen chak sik twa ane, swa atravè re-egzaminasyon oswa patisipasyon nan pwogram edikasyon kontinyèl apwouve a oubyen atelye nan chak peryòd twa ane.
- Pwogram Edikasyon UMASS sou Pestisid, ansanm ak divès gwoup komès ak òganizasyon pwofesyonèl bay pwogram fòmasyon sou yon baz chak ane. Tanpri tcheke sit wèb Pwogram Pestisid la. Chwazi lyen pou **Pwogram Apwouve sou Edikasyon Kontinyèl pou Aplikatè Pestisid (PACE):**
<http://www.mass.gov/eea/agencies/agr/pesticides/pace-credits-and-contact-hours.html>
- Ou **DWE** jwenn nimewo ki nesesè pou èdtan kontak edikasyon kontinyèl pou kenbe lisans oswa sètifikasyon ou an, sinon w ap oblige repran egzamen an pou kenbe lisans ou.
- Ou oblige kenbe tout sètifika fòmasyon kòm prèv edikasyon kontinyèl ou epi yo dwe telechaje kopi elektwonik kredi ou yo sou kont Pòtay EEA ePlace ou a nan moman renouvelman anyèl la.
- Depatman an aksepte kredi fòmasyon Pwogram Pestisid lòt Eta New England te apwouve nan fwontyè yo ansanm ak lòt pwogram fòmasyon andeyò New England—ak apwobasyon **ALAVANS** nan men **Kowòdonatè Fòmasyon MDAR PACE** la.
- Kondisyon espesifik aplike pou resevwa kredi nan sous anliy. Moun ka jwenn tout Inite Edikasyon Kontinyèl yo (CEU) nan yon fòma anliy/ki baze sou òdinatè/vityèl toutfwa, pa plis pase mwatyè kredi yon moun pou nenpòt lisans/kategori ka jwenn atravè yon “Fòmasyon Sou Demand.” Tanpri gade paj wèb Edikasyon Kontinyèl pou Aplikatè Pestisid (PACE) MDAR la pou plis detay.

Tip Lisans	Kantite Lè Kontak / CEU ki Egzije Chak 3 lane
Lisans Aplikatè (Debaz)	6
Sètifikasyon Prive	12
Sètifikasyon Komèsyal	12 pou chak kategori
Lisans Konsesyonè	3

(1 èdtan Kontak = 50 minit aprantisaj youn apre lòt)

EGZIJANS ASIRANS

(Pou Lisans Aplikatè (Debaz) ak Sètifikasyon Komèsyal)

Pou satisfè egzijans asirans yo, oumenm oswa anplwayè w la (sou non w) dwe jwenn yon kouvèti asirans jeneral konplè ki gen rapò ak blese nan kò e domaj sou pwopriyete.

Anplis de sa, ou dwe asire w ke kontra asirans ou an gen "**yon andosman ki modifie nenpòt dispozisyon pou esklizyon polisyon**" pou kouvri ou pou malè "sibit e aksidantèl" jan sa gen rapò ak itilizasyon objektif pestisid sou pwopriyete yon lòt. "**Prèv Asirans**" sa a dwe telechaje sou Pòtay ePlace la.

Anplwaye minisipal, leta ak federal (anplwaye gouvènman) yo egzante de kondisyon asirans. Olye asirans, ou dwe bay epi telechaje "**Prèv Anplwaye Gouvènman**" ou an -- yon lèt ak antèt Ajans ou an ki ateste ke aktivite pestisid ou a fè pati devwa w lè w ap travay nan kapasite gouvènman w lan.

333 CMR (RÈGLEMAN KÒD MASSACHUSETTS)

10.13

Responsablitè Finansye oswa Asirans

Kòm yon kondisyon pou jwenn oswa renouvre yon lisans pou aplikatè komèsyal oswa sètifikasyon komèsyal, “Depatman an ap mande yon aplikan pou li soumèt ak aplikasyon li a yon attestasyon yon koutye asirans ki sètifye ke kouvèti asirans ki an vigè a e ki bay sou non aplikatè sa a satisfè oswa depase estanda ki endike anba a, eksepte jan sa di nan 333 CMR 10.13(10).

Atestasyon sa a dwe sou yon fòm Depatman an bay.”

Ou ka rele oswa voye yon imèl bay Depatman an pou resevwa yon kopi kondisyon asirans yo



PWOSIZYON POU KANDIDA KI GEN ANDIKAP

Si ou pa kapab pran egzamen an nan kondisyon ki dejà endike anwo a, ou ka mande yon aranjman rezonab. Demann sa yo sijè a apwobasyon Depatman an lè yo soumèt ak revize dokiman Depatman an bezwen e an akò ak lwa eta e lwa federal ki aplikab, ki gen ladann, men pa limite a, Lwa Ameriken pou Andikape yo, jan sa te modifye. Pou plis enfòmasyon, tanpri voye yon imèl bay steve.kenyon2@mass.gov pou mande Egzamen Pestisid Depatman ak Gid Akomodasyon Andikape anvan ou kòmanse egzamen anliy ou an.

Pase kòmand sou entènet: www.umassextensionbookstore.com (pou kòmand akVISA epi Mastercard)

<p>#1 Lisans Aplikatè</p> <ul style="list-style-type: none"> • Manyèl Debaz ak Sipleman (A1) • Lwa Massachusetts sou Kontwòl Pestisid (A2) • Règleman sou Pestisid Massachusetts (A3) 	<p>#2 Sètifikasyon Prive</p> <ul style="list-style-type: none"> • Manyèl Debaz ak Sipleman (A1) • Lwa Massachusetts sou Kontwòl Pestisid (A2) • Règleman sou Pestisid Massachusetts (A3) • EPA Manyèl Pwoteksyon Travayè (A4) • Manyèl Sètifikasyon Prive (chwazi youn)
<p>#3 Sètifikasyon Komèsyal</p> <ul style="list-style-type: none"> • Manyèl Debaz ak Sipleman (A1) • Lwa Massachusetts sou Kontwòl Pestisid (A2) • Règleman sou Pestisid Massachusetts (A3) • Manyèl Sètifikasyon Komèsyal (chwazi youn nan paj 10) 	<p>#4 Lisans Konsesyonè</p> <ul style="list-style-type: none"> • Manyèl Debaz ak Sipleman (A1) • Lwa Massachusetts sou Kontwòl Pestisid (A2) • Règleman sou Pestisid Massachusetts (A3) • Pake Konsesyonè

Materyèl Etid Debaz	#Envantè	Pri	Kantite
Manyèl Debaz (3^{yèm Ed.}) ak Sipleman Debaz MA (2014)	A1	75.00 \$	_____
Lwa Massachusetts sou Kontwòl Pestisid (1978, amande an 2015) (Chapit 132B M.G.L.)	A2	7.00 \$	_____
Pou telechajman gratis Lwa sou Kontwòl Pestisid: https://malegislature.gov/Laws/GeneralLaws/PartI/TitleXIX/Chapter132b			
Règleman sou Pestisid Massachusetts (1979, amande an 2016) (333 CMR 1.00-14.00)	A3	13.00 \$	_____
Pou telechajman gratis règleman: https://www.mass.gov/law-library/333-cmr			

Materyèl Sètifikasyon Prive	#Envantè	Pri	Kantite
*EPA Manyèl Pwoteksyon Travayè (2015) nesesè pou tout egzamen sètifikasyon prive oswa gratis sou https://www.porh.psu.edu/wp-content/uploads/htcmannual-oct16.pdf	A4	10.00 \$	_____
Oksikokòs (cat. 30) 1999	PS-CRAN	7.00 \$	_____
Lèt/ Bèt (cat. 24) 1982	PS-LVST	6.00 \$	_____
Dekorasyon (cat. 26) 2002	PS-GRNH	43.00 \$	_____
Pepinyè (cat. 29) 1982	PS-NRSR	7.00 \$	_____
Bèt Volay (cat. 28) Ekstansyon North Carolina	PS-PLTR	7.00 \$	_____
Ti Fwi (cat. 27) 1982	PS-SFRT	6.00 \$	_____
Pye Fwi (cat. 25) 1984	PS-TRFT	7.00 \$	_____
Legim (cat. 31) 1992	PS-VEGI	17.00 \$	_____

Materyèl Lisans Konsesyonè	#Envantè	Pri	Kantite
Pake Konsesyonè (2004)	PS-DEAL	2.00 \$	_____

Manyèl Sètifikasyon Komèsyal	# Envantè	Pri	Kantite
Aplikasyon Nan lè (cat. 34) 2001	PS-ARIL	40.00 \$	
Izin Agrikòl Pèsonalize 2006 & Animal 1999 (cat. 33)	PS-CAGR	77.00 \$	
Kontwòl Raje Akwatik (cat. 39) 2004	PS-AQUA	48.00 \$	
Demonstrasyon & Rechèch (cat. 49) 1978	PS-DMRS	27.00 \$	
Preparasyon Manje (cat. 50) 2005	PS-FOOD	50.00 \$	
Kontwòl Ravaj Forè (cat. 35) 2006	PS-FRST	50.00 \$	
Fimigasyon (cat. 42) 1993	PS-FUMI	33.00 \$	
Kontwòl Bèt Nwizib (cat. 41) <i>Truman's Scientific Guide to Pest Control 7th Edition, Purdue University</i>	PS-TRMN	135.00 \$	
Sante Biblik Jeneral (cat. 46) 2002	PS-GNPH	46.00 \$	
Kontwòl Marengwen ak ensèk ki mòde (cat. 47) – order cat. 46 manyèl pi wo a ak Sipelman Moustik anba a			
Sipelman Marengwen (cat. 47) 1990	PS-MOSQ	7.00 \$	
Dwa Pasaj (cat. 40) 2012	PS-ROWY	50.00 \$	
Kontwòl Rasin Egou (cat. 55) 1996	PS-SWRL	40.00 \$	
Pyebwa dekorasyon ak pou lonbraj (cat. 36) 1990	PS-ST&O	18.00 \$	
Gazon (cat. 37) order cat. 36 manual above			
Kontwòl Tèmit ak Bèt Nwizib estriktirèl (cat. 43) 1998	PS-TERM	34.00 \$	
Tributylin (TBT) (cat. 54) 1991	PS-TRIB	12.00 \$	
Kontwòl Bèt Nwizib Vètèbre (cat. 44) order cat. 41 manual above			
Prezèvasyon Bwa (cat. 52) 1986	PS-WDPR	12.00 \$	
EKSPEDISYON AK JESYON (TANPRI TCHEKE YOUN)			
<input type="checkbox"/> US Postal Service media rate (7-10 jou travay) Ekspedisyon ak Jesyon (S & H) pou 1 ^{re} atik \$8.00, S & H pou chak lòt atik _____ @ 1.00\$ chak Total _____			
<input type="checkbox"/> UPS Ground (3-7 business days) Shipping & Handling for 1 st item \$17.00, S & H pou chak lòt atik _____ @ 1.00\$ chak Total _____			
Gran Total _____			

Kantite total ki fèmen la _____ \$

ENSTRIKSYON

Pase kòmann anliy ak Mastercard e Visa
sèlman: <https://extensionsalesportal.umass.nbsstore.net/state-pesticide-exam-study-manuals>.

Tanpri pa kreye kòmann pou peye ak chèk sou magazen anliy lan - itilize fòm kòmann sa a!

oswa

Fè chèk (oswa manda pou peye) bay

University of Massachusetts

Voye peman ak fòm ranpli a bay:

UMass Pesticide Exam Manuals

230 Stockbridge Rd, French Hall,
Amherst, MA 01003-9316 Telefòn: 413-545-1044

NON/KONPAYI		
Adrès Imèl (adrès ri a nesesè pou UPS)		
VII	Eta	Kò
(_____) _____		
#Telefòn		

Atelye opsyonèl twa jou sa a ede moun prepare pou egzamen lisans aplikatè pestisid la. Atelye se yon atelye dirèk anlyi ki itilize vidéyo konferans Zoom. Sijè ki kouvari: Identifikasyon ensèk nuizib, Kalite ak Fòmil Pestisid, Pestisid ak Sante Moun, Etikèt Pestisid, Pestisid ak Anviwònman an, Jesyon Ensèk nuizib Entegre, Lwa ak Règleman Pestisid, ak Echantiyon Egzamen Pratik. Si w gen nempòt kesyon sou atelye sa a rele: (413) 545-1044 oswa imèl Natalia Clifton nclifton@umass.edu

Lè

Twa jou: 8:00 nan maten-12:30 apremidi. Gade dat pi ba yo

Enfòmasyon sou Enskripsyon ak Frè

170.00\$/moun (Sa a kouvari pri atelye a sèlman. Manyèl etid ak frè egzamen yo pa ladann.) Enskripsyón davans obligatwa.

Manyèl Etid ki Nesèsè & Lòt Enfòmasyon

Tanpri achte manyèl etid ou yo separeman lè w sèvi avèk fòm acha ki atache a. 3yèm edisyon Manyèl Debaz la, Siplemen Debaz MA 2014, Lwa ak Règleman sou Pestisid MA yo obligatwa pou egzamen an. Atelye sa a ba ou yon opòtinite pou diskite sou kesyon konsènan manyèl etid yo. Se poutèt sa, ou ta dwe li manyèl etid yo anvan ou ale nan atelye a. Atelye sa a pa pwal kouvri enfòmasyon ki nan manyèl sètifikasyon yo. Moun ki te patisipe nan atelye sa a an 2019 ak 2020 te gen yon pi wo pou santaj pase egzamen an konpare ak moun ki pa t pran atelye a.

Enfòmasyon Videyo Konferans Zoom

Atelye sa a fèt ak vidyeo konferans Zoom. Patisipan yo bezwen bay yon adrès imèl pou resevwa envitasyon atelye Zoom nan.

Akomodasyon espesyal ADA

Tanpri kontakte Pwogram Edikasyon Pestisid la pi vit posib si w bezwen nenpòt aranjman espesyal ADA pou atelye twa jou a.

Ranbousman

Pa p gen okenn ranbousman si yon moun pa ka patisipe nan yon atelye. Olye de sa, yon lòt moun ka pran plas li, oswa li ka patisipe nan yon lòt atelye. Tanpri notifye biwo Edikasyon Pestisid la de jou anvan atelye a pou fè yon chanjman.

Anilasyon

Nou rezèye dwa pou anile yon atelye si gen mwens pase
10 moun ki anregistre davans. Frè enskripsyon yo retounen si
atelye a anile.

Frè Enskripsyon se 170.00\$ pou chak moun.

Enskri sou entènèt ak on kat kredi nan www.umass.edu/pested

Gen yon rabè 10.00\$ pou moun ki chwazi peye pa chèk. Fè chèk oswa manda pou peye bay **University of Massachusetts pou 160.00\$.**

Voye nan Lapòs bay: Pesticide Education, 230
Stockbridge Road French Hall, UMass, Amherst, MA
01003-9316

Voye kòmann acha Gouvènman an pa imèl bay
nclifton@umass.edu Fed ID Code 043167352

Tanpri chwazi atelye w la. Chak atelye fonksyone twa maten youn apre lòt apati 7:45am (premye jou) ak 8am-12:30pm (dezyèm ak twazyèm jou) avèk konferans vidéyo Zoom.

- 18-20 Janvye 29-31 Mas 21-23 Jen 18-20 Oktòb
 - 1-3 Fevriye 12-14 Avril 12-14 Jen 8-10 Novanm
 - 15-17 Fevriye 26-28 Avril 16-18 Dawout 29 Nov. -1^{ye} Desanm
 - 1-3 Mas 10-12 Me 6-8 Septanm 13-15 Desanm
 - 15-17 Mas 23-25 Me 27-29 Septanm
 -

Tanpri mete dat egzamen ou an: / /23

THE COMMONWEALTH OF MASSACHUSETTS

BIWO EGZEKITIF ZAFÈ ENÈJI AK ANVIWÒNMAN



Depatman Resous Agrikòl

100 Cambridge Street, 9th Floor, Boston, MA 02114
www.mass.gov/agr



Maura T. Healey
GOUVÈNÈ

Kimberly Driscoll
LYETNAN
GOUVÈNÈ

Rebecca L. Tepper.
SEKRETÈ

Ashley E. Randall
KOMISÈ

BAY: Endistri/Antite Pestisid
VINI DE: Pwogram Pestisid MDAR
DAT: 09/01/2023
KONSÈNAN: Egzamen Pestisid Anliy

Depatman Resous Agrikòl Massachusetts, Pwogram Pestisid ("Depatman") kontan anonse l ap bay egzamen pestisid sou Entènèt. Egzamen sou Entènèt la pwal pèmèt aplikan yo pran egzamen pestisid la nenpòt ki lè nan jounen an ak nenpòt jou nan semèn nan, sa ki bay endistri a plis fleksibilite pase egzamen "an pèsòn" oswa "papye ak kreyon". Depatman an te asire ke egzamen sou entènèt la kenbe entegrite ak sekirite nan egzamen an ak mezi sekirite li yo ki gen ladann anrejistreman sesyon egzamen an ak siveyans pou nenpòt konpòtman triche pandan sesyon an. Atravè mezi sekirite sa yo, Depatman an pwal kapab asire ke:

- Moun ki pran egzamen an se menm moun ki te enskri pou egzamen an
- Aplikan yo pa gen dwa "kite" yon fwa egzamen an kòmanse
- Egzamen yo se liv fèmen—sa vle di aplikan yo pa kapab itilize nòt, materyèl etid, elatriye.
- Kesyon egzamen yo sekirize epi yo pa ka anrejistre nan okenn fason
- Aplikan yo PA P resevwa asistans nan men okenn lòt pati pandan y ap pran egzamen yo

APÈSI PWOSESIS

Moun ki enskri pou pran egzamen an pwal fè sa lè l sèvi avèk Pòtay EEA ePLACE epi yo pwal enskri pou egzamen an—peye frè enskripsyon egzamen MDAR ki aplikab la. Apre sa, yo pwal voye aplikan yo plizyè imèl soti nan eipas@mass.gov ki konfime enskripsyon an ak peman sou entènèt la. Yo pwal voye de imèl adisyonèl tou soti nan Everblue Online Training—jesyonè egzamen anliy yo. Premye a nan sa yo se yon imèl Everblue ki gen Lyen Peman Egzamen Anliy lan epi dezyèm nan se yon Lyen Aksè Egzamen Anliy Everblue - lyen sa yo pwal fasilité pwosesis egzamen an sou entènèt.

Anvan w eseye egzamen an, Depatman an rekòmande **sерьезман** pou w revize gid ki rele **Aplike pou yon Egzamen Pestisid oswa Pèmi Kapte Dlo epi Règ ak Kondisyon pou Egzamen Anliy** yo. Yo jwenn dokiman sa yo ak plis ankò sou Paj Egzamen Pestisid ak Lisans MDAR—gade lyen yo bay nan paj 11.

Tanpri sonje ke tès sou entènèt la pa travay ak Chromebooks oswa aparèy mobil; tankou, telefòn entèlijan oswa tablèt men li egzise sa ki annapre yo:

- Òdinatè a gendwa yon desktop oswa laptop PC (Windows OS 10 oswa pi wo) oswa yon Apple, Inc., Òdinatè Macintosh (macOS 10.11 oswa pi wo), men li PA KAPAB yon Chromebook oswa telefòn entèlijan oswa tablèt. Li dwe gen yon kamera ke aplikan an ka deplase pou yon vizyon 360 degré nan sal egzamen an. Sa a kapab yon kamera ki entegre nan yon laptop oswa yon kamera deyò jan yo itilize ak òdinatè Desktop.
- Yon chann trankil kote aplikan an ka pran egzamen an poukout li san yo pa deranje l. Yon kat idantifikasyon ak foto ki valab ke gouvènman bay (egzanp lisans chofè pou eta oswa

paspò) ki kapab parèt nan kamera òdinatè a.

- MS Edge oswa navigatè entènèt Google Chrome nesesè pou jwenn aksè a egzamen an sou entènèt.
- Plis tan, depase longè egzamen an, pou gade videoyo leson patikilye ki nesesè yo anvan egzamen an epi fè nenpòt preparasyon pou egzamen final la.

Yon fwa aplikan an fin peye frè egzamen Everblue a sou entènèt, li pwal resevwa Lyen Aksè ak Anrejistrem an Egzamen Anliy Everblue a ki konekte yo ak egzamen yo a. Tanpri sonje ke apre w fin ranpli Peman Frè Egzamen sou Entènèt la, aplikan an ap gen sèlman 120 jou pou pran egzamen an. Si aplikan an pa pran egzamen an nan delè sa a, yo pwal konsidere li kòm yon "absans non motive" epi yo pwal oblige anrejistre epi peye pou egzamen an ankò. Anvan yo pran egzamen an, aplikan yo pwal oblige pran yon leson patikilye sou egzamen an sou entènèt epi pèmèt sistèm Everblue a fè yon kantite "tyèk sistèm" sou òdinatè a ak rezo a. Yon fwa tout sa yo fini, aplikan an ka kòmanse egzamen an.

Odyo ak videoyo kamera a ap anrejistre pandan egzamen an epi revize ak anpil atansyon pou nenpòt konpòtman sisplèk. Si pa gen okenn konpòtman ki make ki ta mande plis revizyon, Depatman an prevwa ke aplikan yo ap resevwa rezulta yo nan 4-jou. Yo pwal voye rezulta yo bay aplikan an pa imèl atravè Kont Pòtay EEA ePlace yo a.

Jan sa dekri pi wo a, nan pwosesis sa a aplikan yo resevwa plizyè imèl ki vini de Pòtay EEA ePlace la ak Everblue Online Training nan (Everblue). Tanpri asire w ke w tcheke imèl ou (ansanm ak dosye endezirab ou yo) pou imèl ki soti nan adrès sa yo:

- eipas@mass.gov (imèl ki soti sou Pòtay EEA ePlace la)
- no-reply@ma.pesticide.onlinetestportal.com (imèl ki soti nan Everblue Online Training)

Tanpri sonje ke Depatman an p ap bay egzamen an pèsòn ankò sof si yon moun gen yon andikap byen dokimante ki ta anpeche yo pran yon egzamen sou entènèt. Depatman an rekonèt ke kèk aplikan ka pa gen aksè imedyat a laptop oswa òdinatè ki nesesè a. Nan ka sa yo, Depatman an fè rekòmandasyon sa yo:

- Mande prete yon laptop oswa yon òdinatè ki gen kamera nan men fanmi oswa zanmi
- Kontakte bibliyotèk lokal ou a pou detèmine si yo prete ekipman sa yo
- Kontakte yon detayan pestisid pou detèmine si yo ofri nenpòt asistans
- Kontakte asosyasyon endistri ou a pou detèmine si yo ofri nenpòt asistans

Si w ta gen nenpòt kesyon tanpri imèl: PestExamLicense@mass.gov

Dokiman oryantasyon yo disponib sou sitwèb mass.gov ki anba a:


<https://www.mass.gov/guides/applying-for-a-pesticide-exam-license-and-renewal-through-the-eplace-portal>

Aplike pou yon Egzamen Pestisid oswa Pèmi Kapte Dlo


<https://www.mass.gov/doc/applying-for-a-pesticide-exam-or-catch-basin-permit/download>

Apre ou fin ranpli enskripsiyon egzamen an ak peman ki koresponn lan nan Pòtay EEA ePlace la, yon Nimewo Dosye Egzamen atache nan enskripsiyon ou an epi li enkli nan notifikasyon imèl ki soti nan. eipas@mass.gov

Imèl Soumisyon Reysi ke EIPAS voye



Prèv Doye Imèl ke EIPAS voye



Pòtay EEA ePlace la rele tou Enfòmasyon Anviwònmantal e Sistèm Aksè Biblik (Environmental Information and Public Access System -EIPAS). Imèl ki soti nan sistèm sa soti nan EIPAS

Aplikan pou egzamen yo dwe peye yon frè egzamen sou entènèt 25\$ tou pou Everblue Online Training. Peman sa a fèt lè w sèvi avèk yon lyen peman ki voye pa imèl nan no-reply@ma.pesticide.onlinetestportal.com. Apre peman egzamen sou Entènèt la fini, aplikan an resevwa yon imèl ki rele Everblue Online Enrollment Exam and Access Link. Sèvi ak Lyen Enskripsyon Egzamen e Aksè a, ansanm ak navigate entènèt Google Chrome, ak non utilizatè a ak modpas yo bay nan imèl la, pou konekte nan sesyon egzamen anliy ou an. Aplikan pou egzamen an gen 120 jou apati dat peman Egzamen Everblue sou Entènèt la pou

Message Acrobat Tell me what you want to do...

Tue 12/1/2020 7:16 PM
noreply@ma.pesticide.onlinetestportal.com
Everblue Online Exam Payment Link

To: Kenyon, Steve (AGR)

DO NOT DELETE THIS MESSAGE!

Payment Required for online test portal, Everblue, hosting the Massachusetts Online Pesticide Exams.

Steve Kenyon has been approved to take the Applicator (Core) License Exam under record 20-EXAM-1980. There is an additional fee associated with the online exam. The next step is to pay the Everblue online exam hosting fee using the below link:

<https://register.ma.pesticide.onlinetestportal.com/order?orderId=153>

Please note that you must complete this online payment using the above link. This twenty-five dollar (\$25) fee is separate from any payments made to the Commonwealth for the exam registration application. Do NOT send this fee to the Department

Once you have completed your payment of these fees, you will receive an email receipt and a second email with your exam enrollment hyperlink—to begin your online tutorial and exam session.

If you have any questions about the exam application process, please visit the below Mass.gov website for related guidance documents or contact the Department of Agricultural Resources (MDAR), Division of Crop and Pest Services.

[Applying for a Pesticide Exam, License, and Renewal through the ePLACE Portal](#)

This is an automatically generated message.
Replies are not monitored or answered.

File Message Acrobat Tell me what you want to do...

Tue 12/1/2020 6:31 PM
noreply@ma.pesticide.onlinetestportal.com
Everblue Online Exam Enrollment and Access Link

To: Kenyon, Steve (AGR)

DO NOT DELETE this message!

Access your Massachusetts Online Pesticide Exam.

STEVEN ANTUNES-KENYON is enrolled in the Applicator (core) License Exam with **Exam Record Number 20-Exam-1980**. Please use the credentials below to access your exam.

Username: **steve.kenyon3000** Password: **4PwJ7saA1!**

After you pay the enrollment fees, Everblue provides you with the login information to use their online exam system.

You will need to use the Google Chrome Web Browser for your online exam. If this is not your default web browser, please copy and paste the below exam enrollment link into the Google Chrome Address Field.

The exam is available at the following link:

<https://ma.pesticide.onlinetestportal.com/course/view.php?id=41>

Click on this link using Google Chrome to log into your Everblue account and begin your tutorial and start your exam.

On the page, you will find detailed instructions on how to proceed with the online exam as well as seek additional help if needed.

If you have any questions about the Massachusetts Examination and Licensing Process, please visit the below Mass.gov website for related guidance documents or contact the MA Department of Agricultural Resources (MDAR), Division of Crop and Pest Services.

[Applying for a Pesticide Exam, License, and Renewal through the ePLACE Portal](#)

This is an automatically generated message.
Replies are not monitored or answered.

konplete Egzamen anliy lan.

FÒM MODEL REZIME



Apply Online >
ePLACE Portal

Èske w ap chèche enskri pou yon Egzamen Sètifikasyon Komèsyal? Tanpri sonje ke ou dwe te gen yon Lisans Aplikatè Komèsyal (debaz) anvan w chèche yon Egzamen Sètifikasyon Komèsyal! Lè w ap aplike pou egzamen an, nouvo Pòtay ePlace la mande pou w bay nimewo lisans pestisid yo te ba w la epi pou w telechaje yon kopi elektwonik (pdf) rezime w la – ki pwouve omwen 2 lane oswa kantite eksperyans aplikab. Gade modèl rezime pi ba a pou itilizasyon w.

NON: _____
SIYATI _____ PRENON _____ 2^{èm}
ADRÈS RI: _____
RI _____ APT # _____
VIL _____ ETA _____ KÒD POSTAL _____
KONPAYI/ANPLWAYÈ: _____
(SI OKENN)

Istorik Lisans

(Atache plis fè y si sa nesesè)

Fè lis oswa ekri ane ak kategori ou te gen yon sètifikasyon oswa lisans nan Massachusetts oswa yon lòt eta..
Ane Sètifye/Lisansye _____ Eta _____ Kategori Sètifikasyon _____

_____	_____	_____
-------	-------	-------

Istorik Edikasyon

Non Invèsite oswa Lekòl
Teknik ke ou te swiv _____

yon lane kat lane pwogram sètifikasi Lòt _____

Ane gradye _____ Nivo _____ Spesyalite _____

Tanpri ajoute verifikasyon (sètadi kopi diplòm, transkrip, elatriye)

Yo ka bay kredi edikasyon adisyonèl pou seminè, bout kou, kou pa korespondans, konferans oswa reyinyon fòmasyon ki gen rapò ak kategori w ap aplike pou li/yo a nan ka prezans lan verifye. Mete kopi deskripsiyon kou yo ak Sètifica Prezans yo.

Eksperyans Istorik Travay ak Pestisid

(Atache plis fè y si sa nesesè)

Konpayi/Anplwayè _____ Dat Anplwaye _____

Adrès _____

Adrès ak Non Sipèviziè a _____
(si li pa menm ak anlè a)

Lisans nan ki Kategori _____

KESYON YO POZE SOUVAN (Q & A)

- Q1 Èske tout anrejistreman egzamen yo, sesyon egzamen yo, ak aplikasyon pou lisans yo konplete kounye a sou entènèt?**
- A Wi. Tout enskripsyón egzamen pestisid Massachusetts, sesyon egzamen pestisid, ak aplikasyon pou lisans pestisid yo ranpli sou Entènèt lè w sèvi avèk e Pòtay EEA ePLACE la. <https://eplace.eea.mass.gov/citizenaccess/> e ak Everblue Online Exam System nan <https://ma.pesticide.onlinetestportal.com/login/index.php>.
- Q2 Kisa mwen bezwen pou kòmanse?**
- A Pou jwenn aksè nan sistèm nan pou nenpòt nan sèvis yo, w ap bezwen kreye yon kont sou Pòtay EEA ePLACE la. Pou kreye yon kont w ap bezwen bay adrès imèl ou, nimewo telefòn ou ak adrès lapòs ou. Pou jwenn yon lisans pestisid kòmèsyal w ap bezwen yon kopi elektwonik prèv asirans lan jan règleman yo mande sa.
- Q3 Kouman pou mwen peye pou enskripsyón egzamen an nan Pòtay EEA ePlace la?**
- A Ou ka chwazi pou peye frè enskripsyón egzamen an sou Entènèt oswa pa lapòs. Peye sou entènèt ak yon kat kredi/debi oswa yon chèk sou entènèt (ACH) se fason ki pi rapid pou komplet enskripsyón ou. Si w te chwazi "Peye pa lapòs", lè sa a pwosesis enskripsyón egzamen ou an ap pi lan epi w ap bezwen enprime fakti yo voye ba ou pa imèl la epi poste li ansanm ak chèk ou a oswa manda pou peye a nan adrès Bwat Postal yo bay la. Gade paj 11 nan Bilten sa a.
- Q4 Kouman pou mwen peye Frè Egzamen Anly Everblue a epi pwogramme egzamen mwen an?**
- A Pou w peye frè egzamen sou Entènèt ou a, chèche imèl Everblue ki gen tit: Everblue Online Exam Payment Link ki soti nan no-reply@ma.pesticide.onlineportal.com. Imèl la ap gen ladan I lyen peman w lan ak Nimewo Dosye Enskripsyón Egzamen ou an. Ou dwe itilize lyen peman an pou w peye frè egzamen 25\$ sou entènèt. Pa gen okenn orè obligatwa. Apre w fin ranpli peman Everblue 25\$ ou a, ou gen 120 jou pou w komplet sesyon egzamen an sou entènèt lakay ou oswa nan biwo travay ou lè w sèvi ak yon òdinatè ki gen mikwofòn ak kamera aktive. Chèche imèl Everblue ki gen tit: Everblue Online Exam Enrollment and Access Link ki soti nan no-reply@ma.pesticide.onlineportal.com. Gade paj 12 nan Bilten sa a.
- Q5 Èske MDAR gen Règ ak Ranfòsman Strik pou Sesyon Egzamen Pestisid sou Entènèt?**
- A Wi. Tout Egzamen Pestisid yo se tès sou entènèt ke oumenen aplikan an fè nan pwòp espas prive ou. Egzamen an gwouyo pa pèmèt. Egzamen yo se "liv fèmen" sa vle di ke itilizasyon nenpòt nòt, manyèl, èd etid oswa lòt asistans fòmèlman entèdi. Ou dwe sèvi ak yon espas ki apwopriye ki byen eklere epi ki trankil kote yo PA P deranje w. Ou dwe gen yon koneksyon entènèt fò-ki fyab ak ase enèji pou òdinatè a oswa laptop la. Aksè telefòn selliè oswa lòt aparèy pandan egzamen an entèdi tou. Asire w ou al nan twalèt anvan sesyon egzamen sou entènèt la kòmanse. Yon fwa sesyon egzamen ou an kòmanse, ou pa ka kite sal egzamen an, oswa sispann sesyon egzamen an, oswa bloke kamera ou.
- Q6 Èske mwen bezwen yon foto idantite gouvènman an bay pou pran Egzamen Everblue Online nan?**
- A Wi. Everblue Online System pwal sèvi ak kamera ou pou pran yon foto e de ou membr e de kat idantite foto valab ke gouvènman an bay. Si ou pa gen yon idantite ki valab ak foto gouvènman an bay, sistèm nan ap echwe sesyon egzamen sou entènèt ou an. Ou pa kapab bloke oswa kouvrí foto w oswa enfòrmasyon idantifikasiyon ki sou kat idantite gouvènman an bay la.
- Q7 Èske Everblue Online Exam System nan sèvi ak kamera e mikwofòn mwen pou anrejistre Sesyon Egzamen mwen an?**
- A. Wi. Ou dwe asire ke kamera e mikwofòn ou an pa kouvrí oswa bloke pou dire egzamen an. Si nan nenpòt ki pwen ou pa vizib atravè kamera a, ou ka diskalifye. Pa gade anba oswa lwen ekran òdinatè w lan men konsantre sou egzamen an. Yon fwa sesyon egzamen an kòmanse, aplikan yo ta dwe itilize sèlman souri òdinatè yo pou navege egzamen an. PA sèvi ak klavye a. Remake byen ke tout sesyon egzamen yo anrejistre odyo ak video e ke tout siy konpòtman sisplèk ap revize ak anpil atansyon. Pa gen okenn ranbousman si w pa arive swiv règ ki anwo yo.
- Q8 Èske mwen ka sispann sesyon egzamen sou entènèt mwen an epi chanje koneksyon rezo òdinatè mwen an?**
- A. Non. Yon fwa seyans egzamen an kòmanse, ou pa ka kanpe oswa mete sesyon egzamen an sou poz epi ou pa ka chanje koneksyon rezo òdinatè w lan. Nenpòt tantativ pou chanje rezo w lan pwal mete fen nan sesyon egzamen w lan sibitman.
- Q9 Èske m ap resevwa rezulta egzamen mwen an imedyatman?**
- A. Non. Everblue Online Exam System nan ap voye yon notifikasiyon imèl ba ou, ki konfime ke ou te komplet egzamen anly ou an, men foto w ansanm ak kat idantite gouvènman an te ba w la ansanm ak odyo e video sesyon egzamen w lan dwe byen revize anvan yo voye rezulta egzamen yo nan Sistèm Pòtay EEA ePLACE la. Tanpri sonje ke yo pwal voye nòt egzamen ou a ba ou nan eipas@mass.gov.
- Q10 Kouman pou mwen resevwa nouvo Lisans Pestisid mwen an?**
- A. Si w te pase egzamen an, w ap itilize Kont Pòtay EEA ePLACE ou a pou w ranpli Aplikasyon pou Lisans lan. Pandan pwosesis sa a, w ap telechaje prèv asirans ou epi w ap peye frè lisans ki aplikab yo. Lè MDAR revize ak apwouve aplikasyon pou lisans ou an, yo pwal voye nouvo lisans lan ba ou pa imèl eipas@mass.gov.
- Gade tou: <https://www.mass.gov/guides/applying-for-a-pesticide-exam-license-and-renewal-through-the-eplace-portal>

ENFOMASYON ENPOTAN

Vwa Anrejistre Egzamen Pestisid ak Lisans MDAR: (508) 281-6787

Sitwèb: www.mass.gov/eea/agencies/agr/pesticides

Tanpri vizite sitwèb anba a pou kòmanse aplikasyon anliy ou an.

mass.gov/guides/applying-for-a-pesticide-exam-license-and-renewal-through-the-eplace-portal
<https://www.mass.gov/guides/applying-for-a-pesticide-exam-license-and-renewal-through-the-eplace-portal>



Tanpri tcheke sitwèb nou an pou mizajou sou enfòmasyon. Sitwèb Pwogram Pestisid la gen dènye enfòmasyon sou **TOUT** aktivite Pwogram Pestisid ak lòt pwogram enpòtan nan sa ki gen rapò ak jwenn e kenbe kalifikasyon pestisid ou.

Voye Kesyon sou Sètifikasiyon, Lisans ak Egzamen an sou imèl bay:
PestExamLicense@mass.gov

Department of Agricultural Resources
Pesticide Program
100 Cambridge Street, 9th FL
Boston, MA 02114

Bay:

EGZAMEN PESTISID AK BILTEN ENFÒMASYON SOU LISANS

(Edisyon 2023) Edisyon Anvan yo Ekspire
